

POESAKA-SOENDA
 DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOBAN
JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,
 J. KATS, M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . , 0.30
 Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja . . . , 20.—
 Satengah katja f 12¹/₂. Saparapat katja , 7.50
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 3

- 1. Pihatoer Redaksi katja 33
- 2. Kempelan Java-Instituut. . . . "
- 3. Dipati Oekoer. "
- 4. Babad Soekapoera "
- 5. Ngibing "
- 6. Kirata "
- 7. Gondang. "

Pihatoer Redaksi

Sakoemaha anoe parantos kaengel dina P. S. No. 3, jèn soegri anoe henteu ngin-toenkeun artos langganan bèh-ditoena ping 15 sasih **October**, moal waka dikintoenan eui Poesaka Soenda No. 4 sareng saladjeng-

na, malah baris ladjeng ditagih koe **post-kwitantie** iwal anoe parantos aja djangdji pasini sanès. Perloe kaoeninga ti anggalna, oepami engkè ka pajoenna èta anoe teu nampi P. S. tèa, kadjadian **sèdèpaun** P. Soendana, èta redaksi teu nanggél kana tangtos pikèngingeuun gentosna, margi anoe diperloekeun dikintoen tèh nja langganan anoe goemati kana ngabajoeanana.

Kadjabi ti èta Redaksi oendjoek oeninga rèh samboengan Bab Wajang sareng Bab Semar, teu tiasa kalebetkeun kana No. 3 engkè baé dina No. 4 baris kapendak deui.

Kempelan Java Instituut.

Dina dinten Ahad ping 28 sasih Djoeli taoen ieu wakil Hoofd-bestuur Java Insti.

tuut ti Batawi, nja éta toean J. Kats sareng toean S. Koperberg, disarengan koe Kangdjeng Pangéran Aria Hadiwidjojo poeta Kangdjeng Sinoehoen, parantos ngadamel kempelan di roemah bola Habi-projo di Solo sarta ngahatoeranan sadaj pakempelan sanès anoe katinggal pada aja oedaganana kana ngamadjengkeun kabinangkitan Djawa, saaleutan sareng Java-Instituut. Anoe harita aja wakilna di dinja nja éta: Boedi Oetomo, Narpo Wandowo, Darah Mangkoe-negaran, Radia Poestaka, Mardi-goena, Mardi-basa, Krido-watjono, sareng pakempelan goeroe-goeroe.

Saparantos kempelan diboeke, ladjeng toean J. Kats sareng Kangdjeng Pangeran Aria Hadiwidjojo bagentos salasaoeran koe basa Djawa nerangkeun anoe djadi oedagan Java-Instituut. Anoe dipedar koe andjeunna harita, ieu ringkesna diserat.

Awit andjeunna ngadadarkeun babadna Java-Instituut. Kinten-kinten dina taoen 1916 aja salah sawios **kokodjo** Djawa anoe kagoengan manah perloe ngahoedangkeun deui sareng ngamadjengkeun *poesaka-élmoe* (Cultuur) Djawa, Ari margina noe mawi andjeunna aja djorodjoj kagoengan émoetan kitoe, tina ngaraos lebar sareng handjakal ningali kaajaanana poesaka dina mangsa ajeuna sakieu katèlèr-tèlèrna. Menggah kabinangkitan sareng poesaka élmoena Djawa, parantos katoengtik jén tètèla ti baheula kénéh parantos loehoeng parantos loehoer sanes handap handap. Anoe njata baé katingal ajeuna tawisna poesaka-élmoe (cultuur) Djawa parantos loehoer téh, nja éta dina lemesna tatakrama-ampoeh-loenggoeh dina metakeunana anggah-oenggoeh, aloesna marga-loejoe sareng oengkara dina adegna basa masieup soeroepan lagoe, loehoengna élmoé gending sareng sadjabiti éta, ieu sadajana parantos aja dina tahapan kamadjoean anoe enja pangloehoerna.

Geusan ngalaksanakeun oedagan anoe kasebat bieu, roemaksa kana. poesaka téa, perloe deui kènging pangdeudeul sareng pangrodjongna kokodjo bangsa Walanda anoe parantos laloehoeng panemoena, para Doktor-doktor sareng Propesor-propesor, anoe tararabah kaoningana laloesa ambahana perkawis éta, tjopèlna ti para boedjangga anoe pada oesaha ngoengkab poesaka-élmoe kadjawan téa.

Saparantos aja taonna diganggajong bari ditaloengtik pihasilleunana, nja toengtoengna goeloeng sabiloeloengan pada gilig baris ngadegkeun anoe djadi pamaksoedan tea, sareng ladjeng dina taoen 1918 medar **kempelan ageng** (Kongres) perkawis poesaka-élmoe (Cultuur kongres) tempatna di Soerakarta, sakalian bari ngadamel tongtonan batikan, nongtonkeun ibing sareng sadjabiti ti éta.

Ti wangkid harita katingal oerang Djawa rasana kahoedang deui kana moepoesti poesaka-élmoena henteu tambélar miapilainkeun, malah objag pada boga angkouh baris ngoekoehan warisan titinggal karoehoenna tina karasa enja éta anoe soeroep kana tangtoeng, enja ninggaug kana sipat kaajaanana, merenah dina tempatna.

Katjarioskeun aja hidji bangsa Walanda djenenganana toean P. A. J. Moojen, anoe parantos lami linggih di P. Bali katjida katadjina koe éta Sawala-tembrak (Kongres) tina katimbang koe andjeunna pimangpaateunana, nepi ka kagoengan manah jèn perjogana pisan mah, kedah ngadeg pakempelan anoe djoedoelna woengkoel geusan ngoengkab sareng naloengtik perkawis poesaka élmoé téa. Nja hodjahna éta toean doegi ka laksanaan tiasa ngadeg pakempelan anoe ka dinja oedaganana, dingaranan Java-Instituut, sarta anoe kapilih djadi voorzitterna Raden Aria Doktor Hoesen Djajadiningrat; ari bestir anoe sanèsna kadjabiti kokodjo kokodjo bangsa Djawa sareng bangsa Walanda, ditambahan deui koe wakilna pakempelan-pakempelan orageng anoe pada sapoek panoedjoe kana oedaganana, sapertos: Narpowandowo, Mardi-moeljo (Pakempelanana para boepati) Boedi Oetomo, Balé-poestaka Weltevreden, sareng sadjabiti ti éta. Malah Kangdjeng Toean Besar Goepernoer Djenral ogé kersa djadi Panangtajoengan sareng Papajoengna éta pakempelan. Kadjabiti ti éta tina panoedjoena Pamaréntah ogé kersa maparin soepsidi.

Tou kantos lami ti ngawitan ngadeg, Java Instituut ngadamel deui kempelan-ageng (Kongres) tempatna di Soerakarta kénéh, sakalian bari ngadamel tongtonan wajah sareng ibing.

Mendak taoen deui nja ngadamelna kempelan ageng di Bandoeng, ngabarempagkeun perkawis pangadjaran sadjarah sareng élmoé

gending babakoena, dibaroeng koe tongtonan barang oekir-oekiran, ibing sareng samoekawis kabinangkitan Soenda. Nja harita, lalakon Loetoeng-kasaroeng ogè, anoe biasa dirasiahkeun dianggo kapantrang kapamalian koe pantoen-pantoen tèa dipedar didamel toenil.

Kadjabi ti koe tongtonan sareng koe kempelan-kempelan téa aja deui djalanna Java-Instituut ngèmarkeun sareng nerekakeun pamendakna atanapi oedaganana, nja éta koe ngaloearkeun poestaka-mangsa (tijdschriften) deui anoe djadi panglajangna.

Awit moeng poestaka-mangsa **Djowo** baé woengkoel, kaloearna tiloe sasih sakali; diwangoen boekoe, basana basa Walanda, nja éta mambrih gampil pikeun bangsa Walanda anoe harojong tingali di kadjembaranana poesaka Djawa, sarta soepaja pada aroeninga jén kabinangkitan sareng poesaka-élmoena (Cultuurna) Djawa téh pantes diaradjenan lain tjampabeun anoe beunang dihabangoe. Djabiti ti éta ngarah aja djalan pikeun bangsa Walanda anoe pada aja manah kersa hojong ngabeberkeun pamendakna perkawis éta, gampang njoembang koe karangan-karangan.

Lami-lami koe Java-Instituut katimbang perloe ngaloearkeun poestaka-mangsa basa Djawa sareng basa Soenda, margi anoe kedah tabah kana poesaka-élmoé Djawa téh, sajaktosna sanés anoe lian, nja anoe mibogana téa babakoena mah. Kantenan pisan oepami dimanah salantjar mah, siga ngabédjaan boengkoel-toeoe, pédah ngawajangkeun kadjawaan ka oerang Djawa, ngadalang kasoendaan ka oerang Soenda, nanging oepami digalih paos, koe dipedarna ngagelar djadi tjarita anoe poegoeh doemoekna aja ringkoekna ogé, tangtos kaoninga jén éta parantos djadi peperenian, mo itjal keuna koe lali, bakal lana natrat salawasna Oepami teu aja pamelaranana, tan wandé kalindih kaloeli-loeli, da ilahar keuna koe hilap, bakal teu kaeer njangkaroek, larat njarahjtjalan di djalan, baloekarna teu aja pisan poerianeunana poetra-poetoe. tina kalamianana teà moesna teu aja sésana. Geura mangga manah sakoemaha pilebareunana pihandjakaleunana, oepami doegi ka kitoe kadjadianana. Ningal loeang noe parantos kasorang, kawas moal boa poesaka élmoé karoehoen oerang téh bakal enja

ngarandapan moesna katebak angin, oepami teu enggel diraksa koe sadaja mah, da ajeuna ogé kapan parantos sakiu soedana. Geura mangga baé tingali di moerangkalih djaman kiwari, naha masih kénéh raresep ngawih tataroetjingàn sisindiran anoe djadi bibit pasoeke basa? Naha sok sering ngadangoe indoeng boedak ngawih mépéndé haleuang hariring peuting atawa ngadongèng ana anakna rék saré? Ka mana losnà panimang anoe karasa koe oerang baheula keur leutik, anoe pageuh nantjeb dina ati tepi ka kiwari? Atoeh tangtos baé badé pageuh ogé teu laas keuna koe moentah éta mah kawih sepoe, da éta anoe siga dongéng dongéng atawa haleuang tjangkorangbongkang téh, ana disasar koe rasa mah, simana. horing djarero réa soesoedeunana. Tah éta warisan anoe karitoe toetoeroenan ti karoehoen tèa, ajeuna mah kapan parantos pating arentang, da katélér-télér tèa, kalindih koe barang anjar, tironon ti oerang Koelon. Kabinangkitan oerang tina njoengging, ngoekir, njampoer tjét, padika ngokolakeun kai, ngagending, sareng sadjabiti ti éta, lami lami oepami teu pada ngadjaring mah nja kana moesna tèa.

Koe margi éta koe Java-Instituut kama nah perloe ngajakeun pamelaranana geusan ngagoear sareng njimpenan sadaja poesaka téa, nja ieu woedjoedna **Poesaka Djawi**, sareng pikeun oerang Soenda **Poesaka-Soenda**.

Geura oerang njandak tjonto pedarkeunneun dina ieu poestaka-mangsa: Di Djati-nom wewengkon Klatèn, (Soerakarta) saban taoen dina boelan Sapar, aja karamèan: Woko wijoe, disebatna. Tjeuk sawaréh deui disebotna: Ongko-wijoe, djeung aja deui anoe njeboet Djoko-wijoe.

Tah nilik kana seseboetanana baé, tètèla réa noe soelaja rea anoe samar, teu oeninga enja, komo kana toetoeranana kana maksoedna anoe enja mah. Naon éta Woko wijoe téh, naha di dinja aja karamèan kitoe? Koemaha asal-oesoelna?

Kana **Wajang bèbèr** (Ringgit-bèbèr) anoe ajeuna biasa kénéh dianggo di Goenoeng kidoel bawahan Djogdjakarta, bangsa Djawa anoe sanès mah réa anoe njaho ngaran tamboeh roepa, nja réa deui anoe parantos nongton atanapi oeminga woedjoedna, tapi geura oepama dipentaan katrangan, engké

3
26 35

tetela réa anoe ngoeak-ngioek; naon maksoedna éta ringgit beber téh, ngalalakonkeun saha, saha anoe nganggitna dina djaman mana éta téh? Kawasna réréana anoe ditanja, témbalna téh poatoes koe *doeka* alias *walahoe alam*.

Tah anoe saroepe kitoe kodah ditjoektjroek disoesoel tepoes, oelah tibra koe doeka, sarta nja ladjeng oerang pidangkeun dina Poesaka-Djawi atanapi dina Poesaka-Soenda téa, sahantjenganana-sahantjenganana, soepaja oelah beuki samar leungit kaloeli-loeli.

Geura kaoninga koe sadaja ogé jén soegri anoe tetes bablas kana poesaka-elmoeana (cultuurna) koe andjeun, tinangtos beuki pageuh woewoeh koekoeh kana kabangsaanana pribadi, sarta wekasanana anteb madep teu gedag keuna koe owah gingsir, djoenen djoetjoeng henteu ngoelajaban manah, tina elmoe soeroep kana tangtoeng morenah kana salira, adeg adjeg dina lemah bawana ngadjadi téa.

Tangtos ari oelah toekoeh kana goegon toehon téa mah, kapan kiwari lain bihari, pasti aja robahanana noeroetkeun obahna ombak panéka djaman, noe lana-miroepa anjar, oelah keukeuh keukeureuwent; tapi dina enggoning oerang ajeuna oesaha ngolah **elmoe anjar** geusan panambah golangna manah téa, oerang oelah intjah bali-lahan, tetep ngadeg dina lelemah kabangsaan, noe loej hiroep dina toeroenan karoehoen goemelarna boga poesaka elmoe (cultuur) pinilih. Tah ieu anoe bakal gedé mangpaatna kana lahir batinna bangsa oerang.

Di dieu perloe ditjarioskeun jén Java-Instituut henteu njabit-njabit kana poelitik, atawa ngagembang-gembang kana agama, jaktos sering njarioskeun atanapi ngadadar perkawis tjandi-tjandi, artja-artja, *sareng patilasan-patilasan* moeng anoe djadi djoedoel pamaksoedan teu pisan-pisan kana ngahontalan agamana, ieu mah sakadar medar kabangkitanana (de kunst) woengkoel.

Koe margi parantos tjekap katrangan perloena ngaloearkeun ieu poestaka-mangsa Poesaka Djawi sareng Poesaka-Soenda, ajeuna moeng kantoen njoehoenkeun pitandang sadaja koela-wargi bangsa Djawi (Soenda) soepaja pada kersa roemodjong ngamadjengkeun ieu *Poesaka-Djawi (Poesaka-Soenda)*, saperkawis koe ngadjak para kantja-mitra

sina langganan, kalih perkawis ngadeudeul maparin karangan pieusieunana. Soemawonten ka sadaja pakempelan.pakempelan anoe saodagan téa mah noe pada badé moepoesti kabinangkitan Djawa, teu kirang-kirang nja moentang soepados sadaja sami kersa djoemoeroeng sareng roemodjong kana pi-hatoer anoe kaengel bieu.

Satoetas wakil bestuur njarios, katingal sadajana wakil pakempelan-pakempelana noe harita aja di dinja pada sapoek sarta kersa djoemoengdjoeng, malah aja anoe maparin wawadi koemaha pitarékaheunana sangkan tambah kamadjenganana Poesaka-Djawi (Poesaka-Soenda) sareng aja deui anoe kersa ihtiar makihikeun éta poestakamangsa, ngiderkeun oewar serat-pangadjak ka mamana.

Menggah ieu poestaka-mangsa: Poesaka Djawi (Poesaka-Soenda), pangaosna moeng f 3 sataoen. Saha anoe badé langganan kedah njeratan ka: Sekretaris Java Instituut, Laan Wiechert 13 Weltevreden.

Atanapi koe lisan ka: Kangdjeng Pangéran Arja Hadiwidjojo. di Soerakarta, ka Josowidagdo di Mangkoenagaran. Di Pasoendan ka Rd. Moeklis Goeroe Soenda Mulo Bandoeng, Djoer. Padmadinata School opziener Tjitjalengka, Djoer. Prawiraatmadja School opziener Tiandjoer, Rd. Enoes Onderwijzer Garoet. Djr Sastraprawira H.I.S. Soekaboe-mi. Rd. Poeradiredja Volklectuur. Rd. Djenalabidin Serang.

Langganan anoe teu nohonan panoeheon redaksi, dina sasih pajoen baris ditagih koe postkwitantie.

Dipati Oekoer.

Djenengan anoe kasebat di loehoer parantos ilahar djadi toengtoeng saer para sepoeh, katjapangan noe ahli ngambah sadjarah, dalah dina babad sareng dina pangadjaran sakola, éta djenengan Dipati Oekoer téh kasabit miloe kaseboet-seboet. Ningal kana galagatna tjarita anoe ajeuna parantos gelar djadi babad téa, nadjan

woodjoed Dipati Oekoer (nja éta hidji boepati anoe ngèrèh tanah bawahan di wewengkon Bandoeng) teu aja doea tiloena, nanging hidji-hidjina dapoe-ring tjarita bidjilna ti anoe nganggit, nja pada-pada baè rèa anoe soelaja raratanana, tepi ka pasalingsingan itoe ngalèr ieu ngidoel, henteu sapatotos toemoet galoe anoe bener.

Geura oepami koe oerang disawang koe loeang, ditilik koe harti, ditjoektjroek tina galoerna, engkè atra katingal soelajana anoe pada-pada kagoengan tjarita tèa. Samèmèh didadar di dieu hidji-hidjina papajanana Dipati Oekoer tèa, geura oerang wajangkeun heula mapaj pahamna noe karagoengan tjarita tèa sakaolna-sakaolna.

Tjeuk saoeorang, Dipati Oekoer tèh teu poepoes, malah lolosna ti dajeh aja rèntjangna, sarta kebat angkat ka Mekkah.

Tjeuk sakaol, Dipati Oekoer tèh poepoes di G. Loemboeng ditelasan koe Ki Wirawangsa. (Tingali Babad Soekapoera dina P. S. ieu, piagem Ki Ngabei Wirawangsa anoe diangkat kana Boepati Soekakarta gandjaran ti Mataram, rèh geus nigas djanggana Dipati Oekoer).

Tjeuk sakaol deui Dipati Oekoer tèh ditelasanana di Mataram, sanès di G. Loemboeng.

Tjeuk noe saoeorang deui, koeboeran Dipati Oekoer tèh ajana di pasir Manggahang (Tjiheulang) distrik Tjiparaj Bandoeng.

Aja deui anoe maparin katrangan jèn Dipati Oekoer tèh lain baha kana timbalar. Mataram, da kantos taroeng ngalawan moesoeh, sarta lolosna ti nagara njandak doenja brana. Malah koe panjariosan di distrik Karang dina hidji tegalan, ajeuna aja sagoendoek beling, aja kènèh anoe beleger roepi piring atanapi pinggan sadajana petjah-sewoe, éta tèh tjeuk oerang dinja kagoenganana Dipati Oekoer.

Kadjabi ti éta aja kènèh katrangan-katrangan sanès anoe patoekang-toekang teu saaleutan toetoeranana.

Soepados kaoninga, koe sadaja, di dieu oerang dadar heula pahamna hidji-hidjina anoe kagoengan karangan.

Noemoetkeun Babad Soemedang, watjan tjitakan taoen 1921, kieu oengelna lalakon Dipati Oekoer tèh:

Pangkoer.

.....
(Balad Mataram ngaroeroeg Koempeni ka Batawi, balad. Mataram kasoran).

.....
Estoena mah koerang balad, sadawoehan koedoe njampeuran pradjoerit, kènging ogè henteu tjoekoep, komo oerang Pasoendan, anoe tara saemoerna taroeng tjampoeh, angot Dipati Oekoer mah, teu pisan ngirim pradjoerit.

Teu ngawalon-walon atjan, didawoehan sakoemaha kersa Goesti, harita Kangdjeng Sinoehoen, banget mindel manahna, beuki lila bendoe ka Dipati Oekoer, geus ti dinja Kangdjeng Soenan, ngadawoehan ka Papatih.

.....
(Soenan Mataram nimbalan njeratan ka Panembahan Soemedang, njaoer Dipati Oekoer. Seratna ti Soemedang diteroeskeun ka Dipati Oekoer, tapi Dipati Oekoer teu kersa ka Mataram. Ngawaleran serat ka Soemedang jen moal nemonan panjaoer).

.....
Gangtjangna éta octoesan, toeloj balik ka Soemedang enggeus nepi, teroes baè kapijoendjoek, ka Kangdjeng Panembahan, sakoemaha omongan Dipati Oekoer, mindel manah Panembahan, geus tangtoe dja-di balai.

Tapi dalah dikoemaha, geus bonganna taja pilakoeun deui, Panembahan teroes ladjoe, njieun soerat anoe pandjang, djeung pertéla badé ka Kangdjeng Sinoehoen, éta soerat enggeus iang, dibawa koe hidji mantri.

.....
(Sinoehoen bendoe, nimbalan Papatih soepaja ngoetoes nigas djanggana Dipati Oekoer, sarta sirahna koedoe kabawa ka Mataram. Panembahan Soemedang nampi dawoehan ti Mataram koedoe nangkep Dipati Oekoer. Panembahan nimbalan Patih, sarta koedoe mènta toeloeng ka Dalem Parakan-Moentjang. Patih Soemedang sa-

reng Patih Parakan-Moentjang diliring wadia balad ngarocroeg ka Oekoer, tapi njampak soewoeng, Dipati Oekoer geus lolos ka doea garwa),

SINOM.

Dipati Oekoer kaboerna, éstoe ka doea rabi, teu pisan mawa badéga, tangtoe sieuneun katoengtik, éta anoe doca Patih, djeung balad noe ratoes-ratoes, ting salebroeng narèangan, kalemboer loeareun nagri, tapi gaplah taja bédja-bédja atjan.

(Eta anoe doea patih maroelang. Panembahan Soemedang ngoendjoekkeun Dipati Oekoer lolos ti nagara. Sinoehoen bendoe, nimbalan ngadamel béwara, sahasaha anoe bisa maéhan Dipati Oekoer baris diangkat djadi Bopati di Oekoer).

Pilahirna Panembahan, tjing saha anak laki, noe hajang meunang gandjaran, koedoe tega kana pati, mangké djadi Bopati, njekel kaboepatèn Oekoer, gantjangna ngadawoehan, njieun soerat ka Papatih. abéwara ka Regèn tanah Pasoendan.

Gantjangna tèh abéwara, dibagikeun ka Bopati, sabawahana Panembahan, sarta geus pada katampi, sarta geus malangarti, djalma di dajauh di lemboer, noe galedè hatèna, pada mikir beurang peuting, katjatoerkeun Oemboel di Soekakereta.

Ngaran Entol Wirawangsa, djalma ngara boga boodi, sarta lébér wawanèna, kaseboet boga pangarti, tabéatna ti tadi, kasengsrem koe ngolah èlmoe, resep taat tirakat, tjék Djawa mah mesoe diri, langka pisan miloe kana borak-borak.

Ari Entol Wirawangsa, sanggeus manéhna ngaharti, teu aja pisan pohona, djeung dipikir beurang peuting, gantjangna toeloej indit, manéhna ninggalkeun lemboer, doea tiloe batoerna, noe sakadar beunang milih, maksoedna tèh rèk nekanaan abéwara.

Di saban-saban nagara, ratoesian djalma noe mikir, pating salebroeng ihtiar, patimoe-timoe ngaroengsi, tatjan aja pa-

warti, lilana geus meunang taoen, katjatoer Wirawangsa, geus sababaraha kali, boelak-balik ninggalkeun roemah tanggana.

Katjatoerkeun hidji mangsa, Entol Wirawangsa indit, ngoelou ngidoel ti imahna, geus meunang welasan peuting, kalah koe lila manggih, nadjan bédja tatjan poegoeh, jèn aja noe mabakan, tengah leuweung poentjak pasir, perenahna kalèreun Goenoeng Patoeha.

Kalah koe hanteru njaksrakna, lila-lila bèh kapanggih, katinggal ti kadjaoehan, katèmbong di poentjak pasir, ari éta tèh pasir, noe diseboet Goenoeng Loemboeng, ti dinja Wirawangsa leumpang kawas noe rèk maling, koemarajap ka lebah Babakan tèa.

Hidji imah djeung eusina, ngan doean laki rabi, tina lila diintipna taksiranana geus sidik, geus moal salah deui, éta tèh Dipati Oekoer, geus teu antaparrah, dirontok troes ngadjoempalik, dikadékan keplas dipotong beuhengna.

Garwana ngan djedjeritan, tapi taja noe merdoeli, gantjangna tèh Wirawangsa djeung batoerna baridjil, sarta bari ngadjingdjing, sirahna Dipati Oekoer, djeung bari laloempatan, geus rada djaoeh saeutik, toeloej eureun reudjeung bari ngadangdanan.

(Wirawangsa miang mawa sirah Dipati Oekoer. Di djalan gok amprok djeung Oemboel Tjihaoer-beuti anoe ngaran Astamanggala, nja keur mapaj raratanana Dipati Oekoer tèa deui. Wirawangsa babarengan djeung Astamanggala ngaduheus ka Panembahan Soemedang.

Wirawangsa ditimbalan koe Panembahan Soemedang njanggakeun sirah tèa ka Mataram, ari Astamanggala Tjihaoer dipiwarang ngarèwangan doemeuheus deui, malak mandar nampi gandjaran. Eta anoe doea oemboel miang ka Mataram).

DANGDANGGOELA.

Kotjap nepi kana sisi tjai, enja éta Tjitandoej ngaranna, di dinja djalan ngolètjèr, ngalèr teroes ka laeet, djeung

ngaliwat Tjihaoer-beuti, ngidoel ka Soekakerta, troes ka laet Kidoel, di dinja badamian, tjatoer Wirawangsa ajeuna tèh adi, kakang rèk balik heula.

Rèk sadia dangdanan sekali, wantoe bariis djaoeh lalampahan, mangkè disampeur adi tèh, walonna atoch poegoeh, djeung manawi paneda koering, èta gotongan sirah, koe koering dibantoen, ti heula baè ka imah, didagokeun oelah koengsi boelak-balik, koe kakang dibawa.

Wirawangsa henteu boga pikir, akal djahatna Astamanggala, walonna tèh hadé baè, gantjangna tèh katjatoer, doea loerah pada arindit, lakoena sèwang-sèwang, noe ngaler noe ngidoel, kotjap Wirawangsa datang, ka imahna diroe-boeng ais pangampih, pada nanggap tjarita.

(Koeuwe Tjihaoer-beuti tjidra, kebat ka Mataram mawa sirah tèa akon-akon anoe meunangkeun Dipati Oekoer. Astamanggala dideuheuskeun ka Sinoehoen, sarta harita kènèh diangkat djadi Bopati Oekoer, digandjar djenengan Toemenggoeng Angoen-angoen, sarta nimbalan Papatih maparinkeun piagemna pertanda noegraha, Toemenggoeng Angoen-angoen moelih ka dajauh Oekoer).

Wirawangsa bengong liwat saking, henteu pegat ragragan tjimata, bari mengkek napsocna tèh, napsoena mah ngagoe-doeg, lila-lila manèhna lilir, ras salah sorangan, teu mikir dipaloe, ti dinja datang ingetan, leuwih hadé manèhna tèh balik deui, ka Panembahan Soemedang.

Gantjangna tèh Wirawangsa indit, ka Soemedang leumpang gagantjangan, tjatoerkeun datangna baè, manèhna boeroeboeroe, troes ngadeuheus ka Srimanganti, di boeroean gèk sila, njembah mando toengkoel, katingal koe Panembahan, ngagentraan ka dieu deukeut ka kami, djeung kagèt pisan manahna.

(Wirawangsa ngoendjoekkeun lakoena Oemboel Tjihaoer-beuti, ti dinja ditimbalan doemeuheus ka Mataram bari mawa scrat ti Panembahan Soemedang.

Wirawangsa ngadeuheus ka Soenan Mataram).

Troes diaos saoungeling toelis, dina soerat diterangkeun pisan, jèn estoe Wirawangsa tèh, nigas Dipati Oekoer, doepi Koeuwe Tjihaoer-beuti, ngan woengkoel ngabatoeran, dina èta waktue, pantes ogè moen digandjar, ngambang karsa tapi oekoer sawatawis, poen Astamanggala mah.

Noe perjogi digandjar Bopati, ieu abdi Oemboel Soekakerta, Wirawangsa wastana tèh ladjeng kangdjeng Sinoehoen, paparios kalawan titih, ka Entol Wirawangsa, dawoehan Sinoehoen, aing tèh pertjaja pisan, estoe manèh noe apa-al nigas patjing, Regèn Oekoer beuheungna.

Manèh ogé diangkat Bopati, tapi tetep di Soekakereta, dina sawewengkon maneh, njaoer deui Sinoehoen, koedoe njieun piagem Patih, ieu tèh Wirawangsa, koe kami didjoengdjoeng, Bopati di Soekakerta, sawengkonna reudjeung ngaranna diganti, Toemenggoeng Wiradadaha.

(Wirawangsa nganoehoenkeun ka Sinoehoen, teroes moelang ka Soemedang ngadeuheus ka Panembahan).

Wirawangsa njaloèoch djeung tjeurik, njoengkem kana tekoe Panembahan, pegat-pegat ngomongna tèh, bakoena serabab noehoen, lila pisan manèhna tjeurik, dawoehan Panembahan, njaoerna Toemenggoeng, ajeuna mah seura moelang, sadatangna koempoelkeun ais pangampih, pangeusi Soekakerta.

Gantjangna tèh geus amitan indit, Radèn Toemenggoeng Wiradadaha, kotjapkeun ènggalna baè, djeung teroes ngoempoel-ngoempoel, para warga ais pangampih, sanadjan noe lian, pada ngaraceboeng, moengpoeng meunang soeka boengah, sigeg anoe gedè leutik soeka ati, wewengkon Soekakerta.

Katjatoerkeun geus ngadeg Boepati, Toemenggoeng Wiradadaha tèa, ari noe djadi wewengkon, koe Panembahan dia-toer, datang nepi ka djaman kiwari, ganti-ganti kotana, Soekakerta bakoe, Soeka-

7
38
21

poera Manondjaja, pangoengtoengan noe jadi kota diganti, nelah Tasikmalaja.

Tah noemoetkeun Babad Soemedang mah kitoe, nanging tètèla sareng anoe ka-oengel dina Babad Soekapoera ogè parantos soelaja, geura manggra aos pok-pokanana piagem anoe ti Mataram tèa, asa tebih naker bentenna tèh.

Tjing ajeuna koemaha ari toetoeran anoe sanès?

Aja samboenganana.

Disoehoenkeun anoe sanget pisan, soepados Djoeragan-djoeragan anoe teu atjan maparin artos langganan taon ka doea, kersa ngintoenkeun éta artos (/ 3) mémèh ping 15 October.

Babad Soekapoera.

*(Kenging metik tina paririmbun titilar
Kandjeng Dalem Adipati Hadji
Wira Adegulaha, almarhoem).*

Kinten-kinten geus 1437 taon nepi ka ajeuna, noe djoemeneng Radja di nagari Mendangkamoeljan. djenenganana:

- I. Praboe Bandjaransari, digentos koe hingkang poetra,
- II. Praboe Moendingsari, digentos koe hingkang poetra,
- III. Praboe Moendingwangi;

Tidinja ngalih nagara ka nagari Galoeh, didinja djoemeneng Ratoe, poepoetra 5, Noe 2 istri teu diseboet di dieu, ngan noe 3 pameget, nja éta:

2. Raden Djaka Soesoeroeh.
1. Raden Adipati Aria Bangah.
3. Raden Adipati Tjioengwanara.

Sanggeus wafat ramana, (Praboe Moendingwangi), poetra noe doea moemoesoehan djeung pada sadèrèk perang pareboet nagara. Radèn Dipati Aria Bangah djeung rajina Radèn Dipati Tjioengwanara.

Kasoran prangna Raden Dipati Aria Bangah kasedekkeun ka wétan, nepi ka tengah poelo Djawa, leuweung tanah Brebes, di

sisi waloengan, kaboeroe soemping hidji resi djenenganana Adjar Geenoengkoembang, njapih, teu kènging moemoescehan perang djeung sadèrèk.

Noe keur perang liréu, sarta éta waloengan koe Sang Resi dingaranan „Tjipamali“ (hartina teu badé moemoengsoehan perang djeung sadèrèk). Toeloj tanah poelo Djawa bibagi doea, noe dianggo watesna njaéta waloengan Tjipamali.

Ka sabeulah koelon Praboe Tjioengwanara djoemeneng Ratoe Soenda, kakasihna Praboe Koemara djoedjoeok Srimaha Sakti, nagrina di Padjadjaran.

Sabeulah wétan Tjipamali, bagian Praboe Dipati Aria Bangah, djoemeneng Radja, nagarana di Madjapait, gelar Praboe Brawidjaja.

Ajeuna njaritakeun toeroenanana Praboe Soenda Tjioengwanara Praboe Padjadjaran, anoe troes toemoeroen ka hidji istri, djenengan Ni Poenjai Gedé, sarta kagoengan poesaka tanah Soekapoera.

Salsilahna:

Praboe Tjioeng Wanara, gelar Praboe Brakoemara atawa Sri Maha Sakti.

Radja Padjadjaran ka I.

poepoetra Praboe Loetoeng Kasaroeng

Radja Padjadjaran ka II.

poepoetra Praboe Lingga Wastoe

Radja Padjadjaran ka III.

poepoetra Praboe Lingga Wesi

Radja Padjadjaran ka IV.

poepoetra Praboe Lingga Hiang

Radja Padjadjaran ka V.

poepoetra Praboe Anggalarang

Radja Padjadjaran ka VI.

poepoetra Praboe Siliwangi

Radja Padjadjaran ka VII.

(waktoe Praboe Siliwangi ngasta karadjaan éta nagri Padjadjaran geus roeksak).

poepoetra Praboe Rangga Mantri

Radja Padjadjaran ka VIII.

poepoetra Praboe Silawati

Radja Padjadjaran ka IX.

poepoetra Praboe Sang Adipati

waktoe éta nagri geus dibagi-bagi djadi toeroen ka Radja Padjadjaran ka X.

poepoetra Pangéran Dipati Satjawangga,

tanah Sockakarta, djadi toeroenan ka XI.

poepoetra Sembah Boejoet Heroj djadi toeroenan ka XII.

poepoetra Kangdjeng Dalem Santowaan
djadi toeroenan ka XIII.

poepoetra istri gelaranan Nji Poenjai Gedé,
tjarogéan ka Kangdjeng Dalem Wiraha,
toeroenan ti Praboe Madjapait, djadi toe-
roenan ka XIV.

Salsilahna ti Madjapait.

Awit Praboe Brawidjaja, Radja Madjapait

ka I.

poepoetra Raden Ikoeng, gelaran Praboe

Brawidjaja Radja Madjapait ka II.

poepoetra Radèn Brang Tandjoeng, gelar

Praboe Brawidjaja Radja Madjapait ka III.

poepoetra Praboe Brawidjaja, Radja Madja-
pait ka IV.

waktoe éta karadjaan geus petjah sarta
geus asoep agama Islam.

poepoetra Bondan Kadjawan, toeroenan ka V.

poepoetra Raden Amiseni, toeroenan ka V.I

poepoetra Lemboe Amiloehoer toeroenan
ka VII.

poepoetra Kiai Ageng Getaspandawa, toe-
roenan ka VIII.

poepoetra Kiai Ageng Sesela, toeroenan
ka IX.

poepoetra Kiai Ageng Ennis, toeroenan ka X.

poepoetra Kiai Ageng Pamanahan, Alias

Kiai Ageng Mataram, toeroenan ka XI.

poepoetra Panembahan Senapati Hing Nga-
laga Abdoelrahman Sajidin Panatagama,

Soeltan nagri Mataram, toeroenan ka XII.

poepoetra Soeltan Séda Karapjak, Soeltan
nagri Mataram, toeroenan ka XIII.

poepoetra Soenan Kawasa djoedjoeloeloek
Soenan Adi, Soeltan nagri Mataram. toe-
roenan ka XIV.

poepoetra Pangèran Koesoemadiningrat
noe ngalih ka tanah Pasoendan, nganggo
djenengan Toean Sjeh Dagodjawa, toeroe-
nan ka XV.

poepoetra Sareupeun Tjiboemiagoeng, toe-
roenan ka XVI.

poepoetra Kangdjeng Dalem Wiraha, nja
andjeunna noe garwaan ka noe djenengan
Ni Poenjai Ageung, poetra Kangdjeng Dalem
Santowaan, noe kagoengan nagara Soeka-
kerta, toeroenan ti Padjadjaran, noe geus
ka seboet di loehoer tadi; toeroenan ka XVII.

poepoetra Kangdjeng Dalem Wirawangsa,
toeroenan ka XVIII.

Andjeunna noe geus noeloeng prang
Oekoer, sarta geus nangkép Dipati

X

Oekoer, sarta geus nangkép Dipati

Oekoer, sarta geus nangkép Dipati

Oekoer, sarta geus nangkép Dipati

Oekoer, Ponggawa gedè di Bandoeng,
sabab geus ngamoesoeh ka Kangdjeng
Sinoehoen, koe djalaran éta dikoernia
gandjaran tambah tanah-tanah bawahan
sarta rajat-rajat noe kabéh-dieunakeun
djadi djadjahan Soekapoera. Sarta dida-
woehan ngadamel dajeh katoet karaton-
na, djadi dajeh Kaboepatén; diwoewoeh
Kangdjeng Soenan masihan ngaran nagri
Soekapoera, hartina: Soeka=asal; Poera
=Karaton atawa nagara. Karana ieu
nagara baheula pisan mah ngaranna
Soekakerta.

Ti saentas Kangdjeng Dalem Wiraha
noeloeng prang téa koe Kangdjeng Soel-
tan geus kamanah, jén éta nagara bener
toeroen-toeroen warisan ti Padjadjaran;
koe lantaran éta dingaranan nagri Soe-
kapoera. Harita Dalem Wirawangsa di-
djoengdjoeng djoemeneng Boepati gela-
ran Kangdjeng Radén Toemenggoen
Wiradadaha, Soekapoera, tanah mer-
dika. Sarta ieu Boepati toemoeroen ka
poetra poetoe ti Soesoehoenan ogé djadi
itoengan sakoer noe djoemeneng Boe-
pati mimiti ti Kangdjeng Dalem Wiraha,
ieu djadi noe ka II.

poepoetra Kangdjeng Dalem Tambela, gela-
ran Kangdjeng Dalem Toemenggoeng Wira-
dadaha ka III.

poepoetra Kangdjeng Dalem Toemenggoeng
Anggardipa, Toemenggoeng Wiradadaha
ka IV.

noenggoel pinang.

Digentos koe Kangdjeng Dalem Soeba Mang-
gala; Radén Toemenggoeng Wiradadaha
ka V.

poepoetra Kangdjeng Dalem Satjapati:
Radén Toemenggoeng Wiradadaha ka VI.

poepoetra Kangdjeng Dalem Djajangdire-
dja: Raden Toemenggoeng Wiradadaha
ka VII.

poepoetra Kangdjeng Dalem Djajamanggala;
Radén Toemenggoeng Wiradadaha ka VIII.

dina kénging gelaran Adipati djenengan
digentos, ngalap ti iboe Kangdjeng
Raden Adipati Wiratanoebaja.

poepoetra Kangdjeng Dalem Anggardipa;
Radèn Adipati Wiradadaha ka IX.

poepoetra Kangdjeng Dalem Danoeningrai;
Radén Adipati Wiradadaha ka X.

poepoetra Kangdjeng Dalem Wira Tanoe.

wangsa; Radén Adipati Wiradadaha ka XI. poetrana noe masih aja: 1, Radén Kartanegara, pénsioen Ondercoll-ctour Krawang di Pamidjahan (Manoudjaja).— 2. Radén Radjamirah alias Eudén Oerpiah.

digentos koe sadérék Kangdjeng Dalem Adipati Wira Adiningrat ka XIII. digentos koe poetra ka XII,= Radén Toemenggoeng Aria Prawiradiningrat ka XIV. poepoetra Kangdjeng Dalem Adipati Wiratanoeningrat ka XV.

Salinan piagem Kangdjeng Dalem Wira Wangsa Boepati ka I, Soekapoera, diangkat koe Kangdjeng Sinochoen Soerakarta. (Tina boekoe Parimbon Kangdjeng Rana Dalem Adipati Hadji Wira Adegdaha, awit tina boeroe Parimbon Kangdjeng éang Kangdjeng Dalem Toemenggoeng Danoeningrat atawa Kangdjeng Wiratanoebaja.

(Koe margi di kantor tjitak teu aja aksara Soenda, ieu piagem anoe diseratna koe aksara Djawa, nja disalin koe aksara Walanda).

„*Socrat pijagem Ingsorn Soelhan Ma-
tarani kagadoch dening Ki Ngabehi
Wirawangsa, kang salju marang Ing-
soen, Soen djenengaken Mantri Agoeng
Boepati hing Sokapoera, wadana kali
welas, désané tigang atos, ikoe kawrat
dening Ki Wadana, sarta Soen per-
dikaaken satoeroenne, lan Soen tilipihen
ngaelon ing Banten ngalar ing Tjirebon,
adja ana kang ngaroe biroe sakarepe,
sebab wos anglakoni gawé, tugas djang-
gane Diprati Oekoer Bandoeng.
Sarta sinuksénan ing ngajoenan
pitoeng pandjenengan.*

*Titi socrat pijagem kang
anerat abdi ning Ratoe*

poen

NITISASTRA.

Kagegelan ti

Rd. Rg. Wira hadi Soerja
Patih pangsioen Soemedang
di Tasikmalaja.

NGIBING

*Samboengan Poesaka Soenda No. 1
taon ka II.*

Sakoemaha anoe parantos ditjaroskeun kapoengkoer, jén pangadjaran ngibing Djog-dja téh dibagi 3 bagian, sarta dina P. S. No. 1 parantos kapitonkeun bagian noe ka hidjina.

Ieu ajéuna dilebetkeun bagian ka doeana, nja éta pangadjaran anoe parantos nganggo soeroepan gamelan.

Ti angralna perloe kaeuinga heula, jén réngkak ibing Djawa dina soeroepan lagoe béda ti Soenda. Nja éta anoe djadi babakoe apan di Soenda mah **anoe ditintjak** téh **tepak kendang**, dalah olahna panangan nja ngoedag kendang kénéh baé, moeng di a godeg baé anoe koedoe narimbaang djeung sora goong téh. Doepi dina ibing Djawa mah, sanés tepak kendang anoe dioedag téh tapi sora **ketoek, kenong sareng goong**, ieu anoe tiloe anoe kedah **keuna** kedah *diloetkeun* téh, ari kendang mah teu merosea noe ngibing, ngan oekoer masieup njoeseroep lagoe woengkoel, nepi ka katinggalna koe Soenda mah lina oesa lain téa siga pada-pada papahare kendang ngalér ibing ngidoel.

Djadi tjindeknana ibing Djawa mah, réngkak, reundenk, tintjak sareng olahna panangan téh kedah, merenah ninggang dina sora ketoek, kenong kempoel sareng goong.

Aja, di Djawa ogé tepak kendang kedah katintjak koe anoe ngibing, dihalja dikeunakeunakeun, oepani anoe ngigelna ngahodor, sapertos dina igel si Tjepot, si Petroek, atawa boeta-boeta sareng sadjabi ti éta.

Bagian ka II.

Piwoelang anoe djadi wawaton réngkak sareng tintjak dina ngibing soeroepan lagoe, ti ngawitan **njabet**. (**Njabet** hartosna: peta sareng réngkak olahna panangan sareng sampéan saporantos ngadeg badé ngawitan ngibing, ditoengtoengan koe **ngipratkeun** (*mitjeun*) soder ka toekang), doemoegi kana **tajoengan** (**Tajoengan** hartosna: Ngibing madjoe, sanés tjitjing tjara dina *njabet* téa). Ibingna anoe dianggo, sanés ibing rachau anjar, nanging ibing poko, nja éta ibing



No. 1a.



No. 1b.



No. 2a.



No. 2b.



No. 3a.



No. 3b.



No. 4a.



No. 4b.



No. 5a.



No. 5b.



No. 6a.



No. 6b.



No. 7a.



No. 7b.



No. 8a.



No. 8b.



No. 9a.



No. 9b.



No. 10a.



No. 10b.



No. 11a.



No. 11b.



No. 12a.



No. 12b.



No. 13a.



No. 13b.



No. 14a.



No. 14b.

loenggoeh anoe disebut **Aloes-Himpoer** (Ibing loenggoeh aja sababaraha roepi, sapertos: *Aloes-lijepan* (ibing Ardjana, *Aloes mbranjak* (Ibing Arajana) sareng seueur deui), sareng ibing gagah anoe disebut **Gagah Kafangki-nantang** (Ibing gagah oge aja roepi-roepi, nja eta: *gagah-kapang*, *gagah* kambeng, dj: s. t.)

Lagoena anoe dianggo moeng lagoe anoe parantos ditetepkeu pikeun anggoeun ngawoelang bae heulaanan, tepak kendang disebutna *biharan*, dina *ibing tjiljing*, lagoena *wirama tanggél* (hartosna lagoe alon, pertengahan), dina ngibing *tojoengan* anoe dianggo *wirama seseg* (lagoe rantjag).

Keterangan gambar-gambar.

a. Ibing loenggoeh. b. Ibing gagah.

Gambar ka 1 sareng ka 2 „Njabet”.

Gambar 1a, sareng 1b. Geleberna sodér dikipratkeun koe panangan kiwa, dibaroeng rengkakna sampéan, sarta tekoe katochoe ngadjoengdjoengna kitoe, pota panangan njampoerit, éta sadajana kedah ninggang pisan kana sora **kempoel** noe **kadoea** (Dina oenggal lagoe reana sora kempoel. ketoek sareng kenong parantos aja patokanana.

Gambar 2a, sareng 2b. Saparantos mijeun sodér dina 1a, 1b tea, napakeunana sampéan tengen arek ngadjoengdjoengkeun sampéan kiwa, kedah ninggang sora **ketoek** anoe ka 6. Doepi nikolna tekoe sareng sikoe kiwa, dina tekna pisan tepi ka merenahna, eta kedah ninggang pisan kana sora **kenong** noe ka 3.

Gambar 3a sareng 3b. Nalika napakna sampéan kiwa dina toemaninah merenahkeunana, panangan tengen njampoerit sameuehna prak sampéan tengen ditintjikkeun teh, kedah ninggang dina **kempoel poengkasan**. Doepi dekna at. prakna sampéan tengen napak, tjara dina gambarna, eta kedah ninggang pisan pelesah **goong**.

Gambar noe ka 4 sareng noe ka 5 „Ngojog”, hartosna sabot ngadjegang meta ibing, salira direolkeu ngiwa nengen.

Gambar 4a. **Ngojog** ka katochoe narimbangan **ketoek** noe ka bidji.

Gambar 5a. Saparantos *ngojog*, pjar ngipratkeun sodér kiwa, sing ninggang kana **welo** (**Welo**, hartosna: lolongkrong antara tina ketoek kana ketoek deui).

Gambar 4b, sareng 5b., doeanana satoetasna **ngojog** kedah ninggang dina **welo** deui.

Gambar noe ka 6. Ngadjoengdjoengkeun sampéan.

Gambar 6a. Peta napakna sampéan tengen badé ngadjoengdjoengkeun sampéan kiwa koedoe ninggang dina **ketoek** noe ka 2. Tekna pisan sampéan kiwa mites ninggang kenong noe ka 1.

Gambar 6b. Pjarna sodér dipitjeun, bareng sareng moendoerna sampéan kiwa, bade ngadjoengdjoengkeun sampéan tengen kedah ninggang sora **ketoek** noe ka 2. Dekna sampéan tengen nikel dina ngadjoengdjoeng dibaroeng koe „*petjak-djangga*” (gitjlekna mastaka tjara goleg) kedah merenah dina sora **kenong** noe ka 1.

Gambar noe ka 7. „*Ngoenoos*” hartosna: narik sampéan anoe keur didjegangkeun.

Gambar 7a. Merenahna sampéan kiwa sareng pjarna sodér dipitjeun dina badé „*ngoenoos*” sampéan tengen kedah ninggang sora kempoel noe ka 1. Ari „*ngoenoosna*” sampéan tengen sapertos anoe katingali dina gambarna éta kedah ninggang **kenong** noe ka 2.

Gambar 7b. Pasang-peta sampéan tengen dina badé „*ngoenoos*” sampéan kiwa marangan **kempoel** ka 1. Ari djangkatna sampéan kiwa dina ditarikna téa, kedah ninggang kana sora **kenong** noe ka 2.

Gambar noe ka 8. Petana ngadjoengdjoengkeun sampéan.

Gambar 8a. Dekna nikel sampéan tengen kedah ninggang **kempoel** ka 2. Napakna sampéan tengen badé ngadjoengdjoengkeun sampéan kiwa sing ninggang sora ketoek noe ka 6. Ari dekna nikel sampéan kiwa (Tingali dina gambar ka 6) kedah ninggang **kenong** noe ka 3.

Gambar 8b. Dekna nikel sampéan kiwa masékon sing ninggang **kempoel** ka 2 „*Petjak-djangga*” (ngagitjlek mastaka) ngéntja sing ninggang **kenong** noe ka 3.

Gambar noe ka 9. Nintjikkeunana sampéan pikeun ngalengkepkeun ibing.

Gambar 9a, sareng 9b. Pasang-peta napakna sampéan kiwa dina badé nintjikkeun sampéan tengen dibaroeng koe pjarna sodér dikipratkeun kedah naringgang kempoel ka 3. Ngalondjorna sampéan tengen sing ninggang **ketoek** anoe ka 8. Ari tjagna sampéan tengen tjara anoe dina gambar, éta kedah malobahan **goong**.

11.
43
752

Gambar anoe ka 10. Nintjakkeunana sampéan dina badé „*tajoengan*”.

Gambar 10a. Peta napakna sampéan kiwa dina rék mintjakkeun sampéan tengen, sarta panangan tengen „*njamperit*” sing ninggang dina sora **kempool** ka 3. Gélebéna sodér dioetjoelkeunana tina panangan kiwa dibarangan koe ngalendjengkeun sampéan tengen kedah narimbangan sora **ketoek** ka 8.

Rapna napakkeun sampéan tengen tjara dina gambarna kedah malebahan goong.

Gambar 10b. (Tingali gambar 9b.)

Gambar ka 11 sareng ka 1 2. Ngalèngkahkeun sampéan tengen.

11a. Sememeh ngalèngkah „*ngojog*” heula ka katoehoe dina malebahan „*welo*”, dina malikna ngéntja badé ngadjoengdjoengkeun sampéan tengen sing meneran **kenong** ka 1. Ngadjoengdjoengkeunana sampéan tengen sa-koemaha anoe dina gambar sing ninggang **kempool** ka 1.

11b. Samemeh ngalèngkah „*ngojog*” heula ka katoehoe dina malebahan *welo*; dina malikna ngéntja, sampéan kiwa moendoer, sampéan tengen ngadjoengdjoeng, panangan tengen „*Ookel*” (hartosna: digoelipekkeun) sing ninggang kana sora **kenong** ka 1. Lendjengna sampéan tengen, panangan baplang, sapertos dina gambar, kedah malebahan **kempool** ka 1.

12a. Ngalèngkahkeunana sampéan tengen koedoe ninggang dina **kenong** ka 2.

12b. Ngalèngkahkeunana sampéan tengen sareng djoengna sampéan kiwa ngadjoengdjoeng sing ninggang sora **kenong** ka 2.

Gambar ka 13. Ngalèngkahkeun sampéan kiwa.

13a. Saméméh ngalèngkah salira koedoe njampojong heula ka katoehoe. bari ngadjoengdjoengkeun sampéan kiwa sing meneran **kenong** ka 3.

Lendjengna sampéan kiwa panangan tengen njampoerit sing malebahan **kempool-poengkasan**. Bjarna sodér dibalangkeun palebah ketoek ka 8. Ngalèngkahna panangan kiwa bari „*ngroedji*” sapertos dina gambar éta kedah meneran **goong**.

13b. Saméméh ngalèngkah sampéan kiwa dilendjengkeun, sikoe katoehoe nikel ninggang kana sora **kempool-poengkasan**. Ngalèngkahkeunana sampéan kiwa ditéma koe djéngkatna sampéan tengen tjara dina gambar, kedah narimbang **goong**.

Kirata.

Ketjap *kirata*, tjeuk toekang kirata mah asalna tina: *Dikira-kira manawa njuta*. Tapi ari saenja enjana mah éta ketjap téh lain poengkasan tina omongan „*dikira-kira manawa njatu*”, geus boga adég sorangan baé. kitoe oenina kitoe hartina. Eta ketjap *kirata*, dina basa Djawa dioenikeun „*kérata*”, ari asalna tina basa Kawi, hartina: katrangan hartina ketjap. Babakoena anoe dikirataan téh ketjap anoe asal tina doea tiloe ketjap sédjèn anoe geus awor djadi hidji, sarta nerangeunana dioedag koe oenina engang.

Ka-béh-dieunakeun nja *kirata* téh ngan diango kana *ngira-ngira* baé woengkoel, ari katrangan anoe saenjana mah geus teu keuna koe basa kirata.

Oepami ngémoetkeun kana sadjarahna basa oerang, koemaha asal oesoelna, sapertos anoe parantos diterangkeun koe Toean J. Kats dina Pagoeron basa boehoen (Cursus oud Javaansch), tètèla jèn **ketjap-ketjap** dina basa oerang téh, sanès asal **hidji**, tapi rèreana asal tina doea-tiloe-ketjap *dihidji-keun*. Dina Pagoeron basa boehoen téa koe Toean J. Kats parantos diterangkeun, jèn basa oerang téh parantos ngalaman nintjak tiloe djaman, nja éta hidji basa boehoen, anoe biasa diango koe karoehoen djaman *sabéh-ditoeun* taoen 1400; doea basa koena, anoe dianggona *sabéh-dieueun* taoen éta dongkap ka taoen 1550, sareng basa anjar, nja éta anoe diango koe oerang alam ajeuna.

Ari tiasana nangénkeun pang basa oerang kitoe lalakonna, njandak katrangan tina basa-basa anoe kapendak dina koropak-koropak (boekoe daoen lontar anoe ditoelis koe pèsó pangot téa), dina batoe-batoe sareng sadjabi ti éta. Di dinja katingali lalakon ketjap téh dina keur alam sasora kénéh, alam ngarodon doea ketjap sasora djadi saketjap, sareng saladjengna.

Dina P. S. parantos aja basa koena anoe dilebetkeun. Soepados kaoninga boengkeuleukanana, ieu diseratkeun deui saeutik mintonkeun warisan karoehoen baheula.

1. Nihan sinanggoeh pantja kapataka ngaranija bijaktanija nihan doeka sangka ring boeta, doeka sangka ring dewata, doeka

sangka ring tribwana loka, doeka tribwana . .

(Sanghijang poestaka fol. 14.
kropak 621.)

2. Hana sira maharaja Ducwanta ngaran ira, Sira ta kumawacaken prthiwimandala makahingan catus samudra, tatan hana wwang magawe hala salawas niran siniwi, kewala dharma ginawayakenija, tumiru kadharmestan sang natha nitijakâla. Lumampah ta sirâburu-buru, ry alas nikang Himawânâda, nanâwidha mrga nira nirâburu

(Kats, Cursus Oud-Javaansch. Tekst 2).

Anoe kasebat dina angka 2, kieu Soenda ajeunana:

2. Aja radja linoehoeng djenenganana Maharadja Ducwanta, Andjeunna maréntah tanah anoe tepoeng wates djeung opat sagara, henteu aja djelema anoe migawé goreng salawasna koemawoela ka andjeunna, sarta salawarna niroe kana kasa'anana Kangdjeng Radja.

Kangdjeng Radja angkat boeboedjeng, ka leuweung Himawan. Boeboedjengna meunang pirang-pirang sato

Tadi parantos ditjaroskeun jén dina basa boehoer mah sasora saketjap, ana pindah djaman iadjeng ngantét djadi ngarèndon, tjontona: *Sang, ling, rwa, ta, ri, dè, mwang, ndan, wai* sareng seueur-seueur deui. Ti dieu pindah alam kana ngarodon, tjontona:

Sira, asalna tina **Si** sareng **ra, si** hartosna nja tjara **si** ajeuna pikeun noedoeheun djelema, ngan ari baheula mah henteu kasar, **ra** hartosna *loehoer, rêa, gedè*.

Djadi *sira* tèh hartosna: djelema loehoeng.

Lontar, tina ketjap *ron* sareng ketjap *tal*, hartosna daoen tangkal *tal*.

Ratoe, asalna tina ketjap **ra** (gedè, loehoeng, loehoer) sareng **toe**. **Toe**, boga sipat kaloehoengan (bandingkeun sareng **toean**.)

Radèn, (rahadjan) asalna tina ketjap **ra** (gedè, loehoeng, loehoer) sareng **hadjan**. Hadijan, hartosna: djoeragan, menak.

(Sajaktosna noemoetkeun katrangan èlmoe basa Radèn tèh sanès tina rah-dijan, atanapi rah-hadi-an, anoe hartosna *getih inten*, atanapi *getih-loehoeng*, nanging asalna tina, ra-hadijan, hartosna: mènak loehoeng.)

Panon, asalna tina *pa-non*. *Non* tina *ton*,

hartina *tingal*, awas. Kadjabi ti ketjap-ketjap anoe asal sasora anoe awor ngarèndon kitoe tèh, seueur deui anoe asal tina doea tiloe ketjap anoelang koeng ti sasora, Tjontona:

Basa baheula:

Makahingan asalna tina: *Maka-hingan* (hartina: anoe dianggo wates).

Paramèswara asalna tina: *parama-iswara*, hartina doenoengan anoe pangagoengna (hoogste — heer).

Widjadhari, asalna tina: *widija-dhari*, hartosna istri toekang ngagem èlmoe loehoeng (draagster van bovennatuurlijke wijsheid). **Widija** = wetenschap, tooverkunst.

Swaljamwara (Dioenikeunana ajeuna: *Sa-embara*) asalna tina: *Swaijam-wara*, hartina: *mitih koe manèh*. Sareng seueur-seueur deui.

Basa ajeuna:

Kadè asalna tina mangka-hadè

Silcing " " silah-aing

Lotjis " " saèlo sapitjis

Gatjong " " sasangga sepotjong

Bulakatoepat " " belah ketoeapat (beulah koeapat)

Radjiro " " kebo giro

Tyangioek " " moentjang bioek (moentjang baoe).

Bakrik asalna tina: toembak arit

Maing, " " ema aing

Amboeing, " " amboe aing.

Sareng sadjabi ti èti.

Tah, koe margi aja atoeran kitoe dina basa oerang tèh, nja sok aja boedjanga anoe lalawora, koemalantjang njoerahan ketjap emboeng kapétolan koe pangarti, sok maparin katrangan beunang ngalelebah beunang ngirangira, noeroetan djalan anoe biasa dianggo dina galoe basa asal téa. Ari dina katranganana, lantaran dihadja dieunteup-eunteupkeun disoesoeroep ngarah njemoe, nja dina sabrèhan mah, oepami dimanah salantjar, siga enja pisan sieup ninggang kana pisoerabeunana.

Geura mangga tingali ieu *kirata* beunang maparah téa, anoe biasa djadi katjapangan sadaja.

1. Doktor, asalna tina: toekang ngodok noe kotor-kotor.
2. Korsi, asalna tina: tjokorna di sisi.
3. Tampolong, asalna tina: tamba nempo ka kolong.

4. Tjatjangkir, asalna tina: panjangtjang pikir.
5. Soenda, asalna tina: asoe bisa kanda.
6. Tjina, asalna tina: atjina.
7. Walanda, asalna tina: beunang ngalanda.
8. Mèdja, asalna tina: mèpèd mawa bédja.
9. Lomari, asalna tina: loma saari-ari.
10. Heminterat (Gemeenteraad), asalna tina: hajang ngaremin ka noe malarat.
11. Bangkoe, asalna tina: narimbangan soekoe.
12. Loerah, asalna tina: maloeloe hajang ngawarah.
13. Lebè, asalna tina: leleb ngoetjelna tasbè.
14. Goeroe, asalna tina: digoegoe djeung ditiroe.
15. Laladjo, asalna tina: lampah ala didjodjo. Ala hartina gorèng.
16. Pèsta, asalna tina: Beuteung kempès mata beunta.
17. Djadjaloe, asalna tina: Panggih djeung noe djagdjang ngeloe.
18. Pantoen, asalna tina: toekang manggoel papan ditoengtoen.
19. Tjoelik, asalna tina: toekang ngètjoe botjah tjilik.
20. Tjatjangkir, asalna tina: ngatjatjang di noe diangkir.
21. Ngadjoeroe, asalna tina: ngadjogo di djoeroe.
22. Goepnemen, asalna tina: goerna mèn-ta dimèmènan,
23. Sepoer, asalna tina: Boel haseup poer.
24. Telekin, asalna tina: ditelek-telek jakin (telekkeun sing jakin).
25. Tampolong, asalna tina: ditempo dipelong.
26. Boedak asalna tina: nja boeboed nja karadak.
27. Orok asalna tina: ditjoo bari dirorok.
28. Berekat asalna tina: breg-breg dikakat (diangkat).
29. Kapir asalna tina: sagala kapikir.
30. Sahadat asalna tina: sahna noe djadi adat.

Sareng seueur-seueur deui.

Koe dilelebah diwangwang kitoe mah, nja toengtoengna sadaja ketjap baè kènging dikirataan. Nanging nja èta, ari kirata anoe kitoe mah sanès pisan andeleun, moeng

oekoer pikeun kamonèsan bae, dianggo goegoejon.

Kadjabi ti atocran anoe tadi, aja deui djalan kirata anoe sanès, nja èta ketjap anoe dikirataan teh dianggap nènèhna atanapi sindirna tina ketjap anoe djadi babakoe, tjentona:

Soenda, asalna tina: *soendek*.

Banten, asalna tina: *bantahan*.

Salam, asalna tina: *salamat*. (Noe mawi, daoen salam sok tianggo toembal, ngarah salamet).

Sèrah, asalna tina: *tèrèh*.

Salasih, asalna tina: *salah-asih* (Noe mawi sok di pelak di astana, njindiran ka anoe hiroep anoe nadran ka makam, salah asihna, mikanjaah ka raga noe taja pangawasana).

Handjoeng, asalna tina: *handjoean*, babari ngahandjoe. (Noe mawi dipelak di astana).

Sareng seueur-seueur deui.

Koe margi èta dina ngahartoskeun ketjap, moegi oolah kaliroe, mana anoe djadi katrangan sareng mana anoe djadi kamonèsan

**Gondang
kènging
A. Ganda Prawirra
Pameugpeuk (Garoet).**

Noe rèk karia di tanah Pakidoelan geus djadi kabiasaan dina noetoena pakèeun hadjat sok makè ngagondang (noetoe rèmpeogan bari ngawih), malah dina diboeat ogè lamoen rèmpeogan mah sok ngagarondang. Ieu kalakoean katjida dipikaresepna koe awèwè-awèwè oerang lemboer, lamoen geus rèk ngagondang tèh teu bèda kagoembiraanana ti oerang dajeh anoe rèk kana pèsta atawa ngadoe koeda.

Noe rèk ditjaritakeun di dieu ngagondang noetoe; ieu ogè aja doea roepa kahidji gondang biasa, ka doea gondang Asmaragama. Ari noe diseboet gondang biasa nja èta rèmpeogan noetoe bari ngawih teu makè djampè atawa pamakè naon-naon, dapon baè, asal anoe bisa ngawih, ari gondang Asmaragama mah henteu sagala djalma bisa, lantaran loba saratna djeung koedoe makè djampè nanaon.

Mimitina lamoen boga niat r k ngagondang Asmargama, di goah koedoe geus sadia par  toetoe un sakoemaha karep ba  teu dipatok ngan noe sag d ng (sadoegel) koedoe diti-oengan koe bo h bodas, minangka **ihoe** anoe didjieun loeloegoena; gigitreun par  loeloegoe didjagragkeun antjak pangradinan eusi seupaheun, m njan, bawang bodas, minjak, kant h, roeroedjakan djeung koepat tangtang-angin; deukeut antjak koekoek eusi tjatah ditjotjokan koe daoen beunang njo han, sapotong diroenbajkeun niron-niron bo dek moen oerang t mah.

Tah lamoen geus sadia boes anoe djadi dalang (loeloegoe ngagondang) t h aboes ka goah, teu dibadjoeu teu dikoetang oekoer mak  apok ba , soesoena dibeungkeut koe kar m-bong, noeroetan dangdanan aw w  djaman baheula, boel ngoekoes bari ngalalarkeun djadjamp an amitan ka Nji D wi Sri. Toetoeup ngoekoes, si par  noe ditloengen bo h bodas t h diwadahan kana njiroe, djoeng dipangkoe dibawa ka lisoeng, diiring koe para aw w  s dj n noe mawa par  batoerna dieung antjak koekoek rawoeh paroekoejan t a.

Sadatang ka lisoeng par na kab h diasoepeun kana panggoegoeran, kant h anoe pa rantos digant lan t kt k dikongkorongkeun kana hoeloe lisoeng. Toeloej Dalang ngoekoes deui amitan ka Nji Pohatji r k ram ram , njoehoenkeun diaping didjaring bisi aja djoerig njiliwoeri ti darat ti l bak ti kahiangan, n n da didjaga koe para d wata, ti lochoer koe Sangijing Goeroe ti handap koe Batara Soesoek toenggal; liang lisoeng djeung haloe kab h lantis dielasan koe minjak kalapa noe dina antjak t a, Tjai noe sakoekoek dikoetjoerkeun ngoerilingan gigir lisoeng kawas anoe nadran.

Sasals na djoeng aw w -aw w  djeung dalangna njek l haloe ngab r s toengkoel kana panggoegoeran. Nji Dalang tjitjingna, lebah hoeloe lisoeng njek l haloe njanghareupan par  loeloegoe t a, sanggeus diroris batoerna tarapti, tieung par  t h ditjoemplak, bo hna diteundeun kana antjak. antjakna disingkirkeun oelah sira ngabeurinan. Ti dinja toeloej Nji Dalang koenjam koenj m mapatkeun djadjamp an djeung djangdjawokan soepaja oelah  l h sara, geus kitoe pok ngawih kieu;

„Riring-riring riring-rirang, (toek-toek breg, bareng kab h ngagetroekeun haloe kana liangan).

Pohatji Sangiang Sri.” (toek toek breg, djeung satoeloejna di oenggal koma bareng ngagetroekeun haloe).

Toeloej dit mpas koe **noe njaoeran** (aw w  noe loba bareng ngawih) kieu:

„Deudeuh baeu deudeuh bangeut, Pohatji Sangiang Sri.” *Breg-doeg-breg.*

Dit ma deui koe Dalang:

„Nji Embok Asmaragama, doeroeng t h naon namana?” *Breg-doeg-breg.*

Tjeuk noe njaoeran:

„Anaking Nji Wadon doenja, namana gedongning iman.” *Breg-doeg-breg.*

Dalang:

„Nji Embok Asmaragama, par  t h naon namana?” *Breg-doeg-breg.*

Noe njaoeran:

„Anaking Nji Wadon doenja, namana pohatjining iman.” *Breg-doeg-breg.*

Dalang.

„Nji Embok Asmaragama, panto teh naon namana?” *Breg-doeg-breg.*

Noe njaoeran:

„Anaking Nji Wadon doenja, namana boekaning iman.” *Breg-doeg-breg.*

Dalang.

„Nji Embok Asmaragama, taradje naon namana?” *Breg-doeg-breg.*

Noe njaoeran.

„Anaking Nji Wadon doenja, namana bantajning iman.” *Breg-doeg-breg.*

Dalang:

„Nji Embok Asmaragama, said t h naon namana?”

Noe njaoeran:

„Anaking Nji Wadon doenja, namana sangganing iman.”

Dalang:

„Nji Embok Asmaragama, lisoeng t h naon namana?”

Noe njaoeran:

„Anaking Nji Wadon doenja, namana londjarning iman.”

Dalang:

„Nji Embok Asmaragama, haloe t h naon namana?”

Noe njaoeran:

„Anaking Nji Wadon doenja, namana randjoegning iman.”

Dalang.

„Nji Embok Asmaragama, njiroe t h naon namana?”

Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana keprakning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 hoeoet tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana resagning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 beas tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana tërasning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 beunjeur tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana benjekning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 Pabèasan naon namana.”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana gedongning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 tjai tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana tjahjaning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 lodong tèh naon namana.”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana kentroengning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 parako naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana bengkerning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 soeloeh tèh naon namana.”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana partjarning iman.”
 Dalang:

„Nji Embok Asmaragama,
 seunen tèh naon namana.”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana gentjlangning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 hawoe tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana doengkoekning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 seëng tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana andegning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 aseupan naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 naman lawongning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 haseup tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 naman keboelning iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 doelang tèh naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana gedonging iman.”
 Dalang:
 „Nji Embok Asmaragama,
 pangarih naon namana?”
 Noe njaoeran:
 „Anaking Nji Wadon doenja,
 namana oekelning iman.”

(Aja samboengannana).

**Kadjabi ti (iwal) langganan anoe parantos
 ditanggal koe pangeroes, anoe sanès mah
 oepami teu ngintoen artos langganan pikeun
 taoen ka doea dina sasih October, bakal moal
 dikintoenan deui Poesaka-Soenda.**
